malaaka yi duñu ànd ci mbooloo mu ànd akub xaj walla ab jóolooli

Jële nañu ci Abuu Hurayrata-yal na ko Yàlla dollee gërëm-mu jële ci Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «malaaka yi duñu ànd ci mbooloo mu ànd akub xaj walla ab jóolooli.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-day xibaare ne malaaka yi duñu ànd ci tukki boo xam ne ab xaj da caa ànd, walla ab jóolooli li gu ñu lonk ci daaba yi bu yëngatoo di génne kàddu.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/8951